**ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ВАЗИРЛАР КЕНГАШИНИНГ ҚАРОРИ**

**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ ҚАРАРЫ**

Нукус шаҳри | Нөкис қаласы

№ 38 «29» январь 2019 ж.й

**Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы Арал ҳәм Арал бойы машқалалары бойынша муўапықластырыў Кеңесин қайта дүзиў ҳаққында**

Мәмлекетимизде алып барылып атырған кең көлемли реформалар тийкарында барлық тараў ҳәм салаларда модернизациялаў, комитет, министрлик, ведомство, бирлеспе ҳәм кәрханаларда жаңаша заманагөй басқарыў системалары еңгизилип, олардың атамаларына өзгерис киритилгенлигине ҳәмде Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2018-жыл 23-ноябрьдеги «Қарақалпақстан Республикасында экологиялық жағдайды жақсылаў ҳәм Аралбойы аймағының турақлы раўажланыўын тәмийинлеў бойынша жергиликли атқарыў ҳәкимияты органларының жумысларын жетилистириў туўрысында»ғы ПҚ-4027-санлы пәрманына, сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасының «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы Нызамының 19-статьясына муўапық Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси

Қ А Р А Р  Е Т Е Д И:

1. Төмендегилер:

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы Арал ҳәм Арал бойы машқалалары бойынша муўапықластырыў Кеңесиниң жаңа қурамы 1-қосымшаға;

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы Арал ҳәм Арал бойы машқалалары бойынша муўапықластырыў Кеңеси ҳаққында реже 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2017-жыл 6-ноябрьдеги «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы Арал ҳәм Арал бойы машқалалары бойынша муўапықластырыў Кеңесин қайта дүзиў ҳаққында»ғы 745-санлы (2-бәнти буған кирмейди) қарары өз күшин жойтқан деп есаплансын.

3. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының биринши орынбасары Ж.Казбековқа жүкленсин.

**Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы** К.Сариев

Қарақалпақстан Республикасы
Министрлер Кеңесиниң
2019-жыл «19» январьдағы
38 -санлы қарарына 1-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы Арал ҳәм Арал бойы машқалалары бойынша муўапықластырыў Кеңесиниң**

## ҚУРАМЫ

| | | |
|---|---|---|
| Ж.Казбеков | - | Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының биринши орынбасары - **Кеңес баслығы** |
| Д.Толыбаев | - | Суў хожалығы министриниң биринши орынбасары - **Кеңес баслығының орынбасары** |
| А.Салихов | - | Министрлер Кеңесиниң Экология ҳәм Аралбойы аймағын раўажландырыў мәселелери бойынша секретариаты баслығы ў.ў.а. – **Кеңес хаткери** |
| И.Юнусов | - | Аўыл хожалығы министриниң биринши орынбасары |
| У.Утамбетов | - | Тоғай хожалығы комитети баслығы |
| Б.Алланиязов | - | Орайлық банктиң Қарақалпақстан Республикасы Бас басқармасы баслығы |
| Т.Хожаназаров | - | Экология ҳәм қоршаған орталықты қорғаў комитети баслығы |
| Б.Кутлымуратов | - | Мәмлекетлик санитария-эпидемиология бақлаў орайы бас шыпакери |
| С.Шамшетов | - | Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Аўыл хожалығы ҳәм азық-аўқат тәмийнаты илимий-өндирислик орайының Қарақалпақстан бөлими баслығы |
| М.Авазмуратов | - | «Әмиўдәрья» бассейни суў хожалығы бирлеспесиниң Төменги дәрья басқармасы баслығы |
| М.Кайпбергенов | - | Аралбойы дельта басқармасы баслығы |
| Н.Айымбетов | - | Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлиминиң Қарақалпақ Тәбият илимлери илимий-изертлеў институты директоры |
| С.Қурбанбаев | - | Ирригация ҳәм суў машқалалары илимий-изертлеў институты Қарақалпақстан филиалы директоры |
| А.Қдырниязов | - | Гидрометеорология басқармасы баслығы |
| А.Салихов | - | Мелиоратив экспедициясы баслығы |
| А.Мамбеткаримов | - | Халық аралық Аралды қутқарыў қоры Атқарыў комитетиниң Нөкис филиалы директоры |

Еслетпе: Кеңес ағзалары басқа жумысқа өткен жағдайда сол лаўазымға жаңадан тайынланған шахс кеңес қурамына киргизиледи.

Қарақалпақстан Республикасы
Министрлер Кеңесиниң
2019-жыл «19» январьдағы
38 -санлы қарарына 2-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы Арал ҳәм Арал бойы машқалалары бойынша муўапықластырыў Кеңеси ҳаққында**

## Р Е Ж Е

**I. Улыўма режелер:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы Арал ҳәм Арал бойы машқалалары бойынша муўапықластырыў Кеңеси (буннан былай «Муўапықластырыў Кеңеси» деп жүритиледи) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 1994-жыл 22-августтағы 01-715-санлы протоколлық қарарына муўапық дүзилген.

2. Муўапықластырыў Кеңеси суў хожалығы, қурылыс, пайдаланыўшы, илимий-изертлеў ҳәм жойбарлық шөлкемлердиң жумысын муўапықластырыўшы уйым болып табылады, Арал машқалалары бойынша бирден-бир республикалық сиясатты турмысқа асырыўы тийис болады ҳәм Қарақалпақстан Республикасын халық аралық ҳәм сырт еллердиң жәмийетлик шөлкемлери, қорлары, банклер ҳәм Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик басқарыў уйымлары алдында жақлап көрсетеди.

3. Муўапықластырыў Кеңесиниң қурамына олардың жумысы тиккелей Арал ҳәм Арал бойы машқалаларын шешиўге байланыслы министрликлер менен ведомстволардың, бирлеспелер менен кәрханалардың, илимий-изертлеў, жойбарлық, жәмийетлик ҳәм басқа да шөлкемлердиң басшылары ҳәм қәнигелери киреди.

4. Муўапықластырыў Кеңесиниң Баслығы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси менен келисилип, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң қарары менен тайынланады.

Муўапықластырыў Кеңесиниң жеке қурамы тийисли министрликлер ҳәм ведомстволардың, бирлеспелердиң, илимий-изертлеў ҳәм жойбарлық шөлкемлердиң басшылары менен келисилип дүзиледи. Муўапықластырыў Кеңесиниң жеке қурамы өзгерислер зәрүрлигине қарай Кеңестиң баслығы тәрепинен киргизиледи ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң қарары менен тастыйықланады.

5. Муўапықластырыў Кеңеси усы реже тийкарында ҳәрекет етеди ҳәм өз жумысында Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларының Конституциялары ҳәм Нызамлары, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманларын, қарарларын ҳәм бийликлерин, Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлисиниң ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң қарарларын, сондай-ақ Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң қарарларын ҳәм бийликлерин басшылыққа алады.

## II. Муўапықластырыў кеңесиниң мақсети ҳәм ўазыйпалары:

6. Экологиялық, санитариялық-эпидемиологиялық жағдайды ҳәм Арал бойы халқының жасаў шараятларын жақсылаў, республикалық уйымлардың, халық аралық ҳәм сырт еллердиң шөлкемлериниң өз-ара бирликте ҳәрекет етиўин ҳәм күш салыўларын муўапықластырыўды тәмийинлеў бойынша комплексли илажларды әмелге асырыўдың бирден - бир республикалық сиясатын турмысқа асырыў, Арал ҳәм Арал бойы машқалаларын шешиў бойынша илимий-изертлеў, жойбарлық жумысларды ҳәм басқа да ислеп шығыўларды жүргизиў.

7. Регионның экологиялық, санитариялық-эпидемиологиялық ҳәм социаллық-экономикалық жағдайын жақсылаў бойынша стратегиялық артықмашлық берилген бағдарларды белгилеў, Арал ҳәм Арал бойының, халық хожалық комплекси тараўларындағы машқалаларды ҳәм халықаралық сырт ел шөлкемлери менен өз-ара пайдалы бирге ислесиўге шақырыў ҳәм бул бойынша қарарлар қабыл етиў.

8. Республикалық концепцияларды, экологиялық комплекстиң бағдарламаларын, ири илимий-техникалық жойбарды ҳәм Арал бойындағы экологиялық тийкарларды қарап шығыў ҳәм келисип алыў, Арал теңизин қайта тиклеў бойынша республикалар аралық илажларды ислеп шығыўды ҳәм әмелге асырыўды шөлкемлестириў.

9. Ири республикалық ҳәм халықаралық экологиялық жойбарлар бойынша объектлерди пайдаланыўға қабыл етиў комиссияларын шөлкемлестириў ҳәм олардың жумысына қатнасыў.

## III. Жумысты шөлкемлестириў:

10. Муўапықластырыў Кеңеси өз жумысын тастыйықланған ис жобалар тийкарында әмелге асырады. Зәрүр болғанда муўапықластырыў Кеңесиниң шешими бойынша жобаларға қосымшалар киргизилиўи мүмкин.

11. Кеңестиң мәжилислеринде қарап шығыў ушын мәселелер ҳәм зәрүр болған материаллар Муўапықластырыў Кеңесиниң хаткери тәрепинен жоқары маманлықтағы қәнигелерди ҳәм тийисли тараўлардың илимпазларын тартыў менен таярланады ҳәм қарап шығыў ушын киргизиледи.

Кеңесте ис жүргизиў жумысларын Муўапықластырыў Кеңесиниң хаткери ҳәмде қабыл етилген қарарлардың орынланыўын қадағалаў Муўапықластырыў Кеңеси баслығының орынбасары, сондай-ақ өткерилген мәжилис баянламасында қадағалаў ўазыйпасы жүклетилген шахс тәрепинен әмелге асырылады.

12. Муўапықластырыў Кеңесиниң өз ўәкилликлери шеклеринде усы Режеге муўапық қабыл етилген қарарлары Қарақалпақстан Республикасының барлық министрликлери, комитетлер, ведомстволары, районлық ҳәм қалалық ҳәкимиятлары, бирлеспелери, шөлкемлери ҳәм мәкемелери ушын миннетли болып табылады.

13. Муўапықластырыў Кеңесиниң қарарлары мәжилисте Кеңес ағзалары қурамының ярымынан асламы қатнасқан жағдайда көпшилик даўыс пенен қабыл етиледи.